УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

№25 (13887)

Черкес хэку

2024 гъэ, мэлыжьыхьым (апрелым) и 11, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъу

Юбилей махуэщIымкIэ

Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хъуэхъу гуапэкIэ зыхуигъэзащ УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм Федерацэмкlэ и Советым и пашэ Матвиенко Валентинэ и юбилей махуэщIымкIэ, Урысейм и Президентым кьыхуигъэфэща къэрал нагъыщэ лъапIэм — «ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь щIыхьыцIэм папщIэ.

«Си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу ФедерацэмкIэ и Советым и пашэ Матвиенко Валентинэ и юбилей махуэщIымкIэ, Урысейм и Президент Путин Владимир къыбгъэдэкIа къэрал нагъыщэ лъагэмкIэ — «ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь цIэр къызэрыхуагъэфэщам папщIэ.

Валентинэ Ивановнэ Iуэху зэхэщIыкI ин зыбгъэдэлъ бэдаущ, къэрал Iуэхузехьэщ, тхыдэм щыяпэрейуэ Ищхьэ палатэм и Парламентым и пашэ хъуа бзылъхугъэщ, зи лэжьыгъэм фIыщэу хэзыцIыхукIщ, зи Хэкур фIыщэу зылъагъу цIыху хэкупсэщ. Илъэс куэд хъуауэ Урысеймрэ абы щыпсэухэмрэ я хьэлэмэтхэр хъумэным гуащIафIэу хуолажьэ.

Сыхуейщ фIыщIэ ин хуэсщIыну Валентинэ Ивановнэ, Къэрэшей-Черкес Республикэм и зыужьыныгъэм пыщIа упщIэхэр зэхэгъэкIынымкIэ къытхуиIэ гулъытэ иным папщIэ.

Узыншагъэ быдэ, зэIуэзэпэщыныгъэ, ехъулIэныгъэрэ насыпрэ щымыщIэну, къару мыкIуэщI иIэну, Хэкум папщIэ илэжь Iуэхуфlхэмкlэ нэхъри щехъулIэну сохъуэхъу!» — щитхащ хэгъуэгум и лIыщхьэм социальнэ зэпыщIэныгъэхэм деж.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Зэгъэзэхуэжыныгъэ

ДэIэпыкъуныгъэхэр

Урысей Федерацэм и вице-премьер Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIа зэIущIэм, Донецк, Луганск ЦIыхубэ республикэхэр, Запорожскэ, Херсон областхэр зэфIэгъэувэжынымкIэ хэгъуэгу-шефхэр зыхэтам, хэлэжьыхьащ ди республикэм и унафэщI Темрезов Рэшид.

Куэд щIакъым Урысейм и Президентым а хэгъуэгухэм щыпсэухэр зыхуэныкъуапэ, абыхэм я щыIэкIэ-псэукIэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэхэр къызэIуихауэ щытащ.

Хуснуллин Марат фIыщIэ ин яхуищIащ хэгъуэгушефхэм я лIыщхьэхэм, къулыкъущIапIэхэм, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа республикэхэмрэ областхэмрэ зэфIэгъэувэжыным гуащIафIэу хэлэжьыхьхэм.

ЗэIущIэм къыщаIэта упщIэ нэхъыщхьэм, 2028 гъэм нэгъунэ а хэгъуэгухэр зэфIэгъэувэжыным хуагъэнэIуа псэупIэ, инфраструктурэ ухуэныгъэхэм арэзы техъуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ди хэгъуэгумрэ Луганск ЦIыхубэ республикэм хыхьэ Старобельскэ муниципальнэ хэгъуэгумрэ 2023 гъэм зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иту, Къэрэшей-Черкесым хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI а щIыпIэхэр зэфIэгъэувэжыным, абдеж щекIуэкI ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм.

Къинэмыщlауэ, зэпыу имыIэу республикэр пыщIащ социальнэ сабий Iуэхущ1апIэхэм, дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэгъуэт. Апхуэдэщ хэгъуэгум щыщ сабийхэм ди республикэм зэрыщызагъэпсэхур.

Мы илъэсым къриубыдэу, федеральнэ купсэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу адэкIи пащэнущ Старобельскэ хэгъуэгум нэгъуэщI лъэныкъуэгъаззэхэмкIэ зэрызыщIагъэкъуэну лэжьыгъэм.

Хуснуллин Марат къыхигъэщащ: Урысейм и Президентым и унафэм тету, хэгъуэгущIэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм епха программэр 2030 гъэм нэгъунэ пащэнущ.

ПщэрылъхэряхуищIащ

УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу Ищхъэрэ Кавказ федеральнэ хэгъуэгум щыIэ Чайка Юрий видеоконференц Iэмалым тету СКФО-м и щIыналъэм хабзэм емызэгъыу финанс Iуэхуэр егъэкIуэкIыным щыгъщIэт межведомственнэ лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

ЗэIущIэм хэлэжьыхьащ хэгъуэгухэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъумэ къулыкъухэм я унафэщIхэр, ресурсоснабжающэ компанэхэм я унафэщIхэр.

КъинэмыщIауэ, ахэр хэплъащ псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтымрэ гъэсынэлектрокъару комплексымрэ хуэгъэзауэ хабзэншагъэ, мыхъумыщIагъэ ямыгъэлэжьыным ехьэлIа упщIэхэм. Чайка Юрий жиIащ ди къэралым и унафэщIхэм ЖКХмрэ ТЭК-мрэкIэ Iуэхущ1апIэхэм я инфраструктурэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ, зегъэужьынымкIэ къалэнышхуэхэр къызэрагъэувыр.

ЗэIущIэм икIэм Чайкэ Юрий пщэрылъхэр яхуищIащ.

ЕЗАУЭ Маринэ

ВДНХ-м щекIуэкI «Россия» форумым и стендышхуэм щагъэлъэгъуащ КъЧР-м мэлыжьыхьым и 5-м щызэхэта «Работа России. Время возможностей» гуащIэдэкI жармыкIэм и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым теухуа теплъэгъуэ. Онлайн щытыкIэм иту абы зыщагъэгъуэзэфащ студентхэм, Урысейм и къалащхьэм щеджэ дэтхэнэми.

ЛэжьапIэ жармыкIэ

IуэхущIапIэхэм, организацэхэм, компанэ зэхуэмыдэхэм, промышленностым, туризмым, мэкъумэшым, гидроэнергетикэм, нэгъуэщI къудамэхэми ягъэлъэгъуащ зыхуэныкъуэ лэжьапIэхэр, IэнатIэхэр.

Къинэмыщlауэ, жармыкIэм хэта экспертхэр студентхэм, дяпэкIэ лэжьапIэ Iухьэнухэм чэнджэщэгъурэ дэIэпыкъуэгъурэ яхуэхъуащ къыхахынумкIэ, я гулъытэр зытраухуэнумкIэ.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

Щэнхабзэ

«Карачаево - Черкесия в лицах и судьбах» зи фIэщыгъэцIэ сурэт-гъэлъэгъуэныгъэ телъыджащэ Черкесск къалэм и аллеем къыщызэрагъэпэщащ. Ар зэрызэхэгъэува сурэт техахэр зи Iэдакъэщ1экIыр Урысей Федерацэм и сурэтыщIхэм я Союзым хэт, фотогъуазджэхэмкIэ Дунейпсо Федерацэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Ставрополь къалэм щыщ СМОЛЬНИКОВ Андрейщ.

Тхыдэм игъащIэкIи къыхинащ

Мы гъэлъэгъуэныгъэр а махуэм зи нэгу щIэкIа дэтхэнэми къыхагъэщащ а гупсысэр: "А сурэтхэм ярыхуа дэтхэнэри ди республикэм, лъэпкъхэм, уеблэмэ къэралышхуэм и тхыдэм, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ игъащIэкIи къыхэнащ" жэуэ...

Ар хьэкъщ. Шэчыншэуи, ар зи фIыщIэр щIыхь псалъэ куэд зыхуэфащэ сурэттетх цIэрыIуэ Смольников Андрейщ.

Мы гъэлъэгъуэныгъэр, нэгъуэщIу, телъыджэрэ гъэщIэгъуэнрэ зыщIар абы щагъэлъэгъуа дэтхэнэ сурэтри - ахэр 55-рэ хъут - Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм ятеухуауэ зэрыгъэпсаращ.

Абыхэм ярытт цIыху щхьэхуэхэр, гупхэр, ахэр къызыхэкIа щэнхабзэхэр, хабзэхэр сэтей зыщI теплъэхэри. ЖыпIэнурамэ, дэтхэнэри узыфIэмыкIыжыну IэпщIэлъапщIагъ хэлъу сурэтыщIым къехъулIащ.

Теплъэ къэс псэр дэзышэх, нэм къыхуэмыубыду, ауэ гум зыхищIэу, хьэлэмэт гуэр хэлът. Абыхэм узыIэпашэт, хуабагъ къапкърыкIт...

Зэрыжытlауэ, сурэт трихахэм я лIыхъужь хъуащ ди республикэм щыпсэу, щIэныгъэм, гуащIэдэкI лэжьыгъэм щIыхь инрэ пщIэ лъагэрэ къыщызылъэщахэр, зауэр зи нэгу щIэкIахэр, цIыху IэкIуэлъакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр, нэхъыжьыфIхэр, сабийхэр. Абыхэм Къэрэшей-Черкесым и гъэщIэгъуэнагъыр къагъэлъагъуэ къудейтэкъым, атIэ мы дунейм щынэхъыщхьэхэми урагъэгупсыст: насыпым, гуфIэгъуэм, фIылъагъуныгъэм, хъуэпсапIэхэм – цIыху къэскIэ, къызыхэкIа лъэпкъым, зэрихьэ диным емылъытауэ, гурыIуэгъуэ

хуэхъу щытыкIэхэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм авторри щыIащ икIи сурэт къэс езыр къытепсэлъыхьыжу нэгузыужь къэпсэлъэныгъи щригъэкIуэкIащ, дэтхэнэ теплъэри ищIыным зэрыхуэкIуам гъэщIэгъуэныщэу къытепсэлъыхьащ.

Уеблэмэ, триха сурэтхэм ярыт куэд зэрымыпсэужри игу къызэфIэнэу къыхигъэщащ. Абы къыхэкIыу, сурэтыщIым жиIащ мы гъэлъэгъуэныгъэр нобэ щымыIэжхэм я фэеплъ нэху зэрыхъуар.

ФIыщIэ псалъэ куэд хужиIащ мы сурэт гъэлъэгъуэныгъэр къэгъэщIынымкIэ лэжьыгъэшхуэ къыдэзыгуэщIа, а Iуэхум и къежьапIэм щыта, икIэм нэси къыдэзыгъэзэщIа Уэхъутэ Александр.

Сурэттехым жиIащ Уэхъутэ Александр и фIыщIэкIэ Беслъэней къуажэм и цIыху куэд тхыдэм къызэрыхэнар. Къуажэм и нэхъыжьыфIхэр, адыгэ фащэр ящыгъыу, адыгэшыр яIыгъыу ГъукIэкъулхэ Мухьэмэдрэ Хъусинрэ, Лахъу Мухьэмэд, нанэ Iумахуэ ГъукIэ Мэжидхъанрэ и дэлъху Мэжидрэ, а нанэм ипхъу, цIыху IэпщIэлъапщIэ Уэхъутэ Нелли, абы и пхъуж, егъэджакIуэ Iэминат, нэгъуэщIхэри...

ЖыпIэнурамэ, езы Уэхъутэ Александри гъэлъэгъуэныгъэм щыIащ икIи екIуэкIар игум хуабжьу епщIащ.

... Теплъэ телъыджащэт адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ еджагъэшхуэ - лэжьакIуэшхуэ Бэчыжь Лейла, Шэрджэс Марят, Арэшыкъуэ Къанщауэ сымэ ятрищIыкIахэри. Дэтхэнэми сурэттехым и псэр зэрыхилъхьар нэрылъагъут.

— ФщIэрэ, зыгуэрхэри къытхэтыжкъым нобэ, ауэ мы сурэтхэмкIэ ахэр псэущ. Хэти мэгуфIэ, хэти зыгуэрым йогупсыс. Ауэ сэ сощIэ ахэр ди гъусэу мыбдеж зэрыщыIэр, ахэр къыдоплъ, — жиIащ авторым къыщыпсалъэм.

Къэрэшей-Черкесым щэнхабзэмкIэ и министрми, республикэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алии къызэрыхагъэщауэ, ди республикэмкIи, Смольников Андрей здэщыIа, здэлэжьа нэгъуэщI хэгъуэгухэмкIи, мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэр гуфIэгъуэшхуэщ.

— Мы сурэтхэр ди къэралым и архивым хэлъщ, абы лIыщIыгъуэкIэрэ къыхэнэнущ. А теплъэхэм къаIуэтэнущ Урысейм, Къэрэшей - Черкесым щыпсэуа лъэпкъхэр зыхуэдэу щытыгъар. Ар зи фIыщIэр ди хьэщIэ Смольников Андрейщ, — жаIащ къэпсэлъахэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм ди республикэм и лIыщхьэ Темрезов Рэшид гулъытэ хуищIащ:

«ФIыщIэ хузощI Смольников Андрей мы гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэным, ди Къэрэшей-Черкес дахащэм хуищIа фIылъагъуныгъэм, езым бгъэдэлъ зэчиишхуэм папщIэ!

СощIэ, сурэтыщIым къигъэщIа IэрыщIхэм зы цIыху къагъэнэнукъым я псэр дамыхьэхыу».

Зыгъэхьэзырар ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэщ

ЖармыкIэм къикIыу

УФ-м и Правительствэм ищIа унафэм ипкъ иткIэрэ, мы гъэм Урысейм и хэгъуэгу псоми ирагъэкIуэкI цIыхубэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ «Работа России. Время возможностей» зи фIэщыгъэцIэ Урысейпсо жармыкIэ.

Лъыхъуэм къегъуэт

Ар IыхьитIу гуэшауэ екIуэкIынущ. Япэ Iыхьэр, хэгъуэгу мыхьэнэ зиIэр, мэлыжьыхьым и 5-м Черкесск къалэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм щекIуэкIащ. Урысей мыхьэнэ зиIэ, жармыкIэм и етIуанэ Iыхьэр мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м екIуэкIынущ.

Жармыкlэм къекIуэлIахэм пэублэ псалъэкIэ захуигъэзащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Суюнов Джанибек.

— Нобэрей Iуэхур мыхьэнэшхуэ зиIэщ, сыту жыпIэмэ абы лъэкIыныгъэщIэхэр къыдэкIуэнущ, лэжьапIэ лъыхъуэм зыхэдэн, къызыхихын игъуэтынущ, лэжьапIэтми лъэкIыныгъэ иIэщ лэжьапIэ къэзылъыхъуэ куэдым езыр зыхуейр, зыщIэупщIэ щытыкIэхэм техуэр къыхихынымкIэ, студентхэм дяпэкIэ я лэжьапIэ хъунумкIэ чэнджащэу щытмэ, мыпхуэдэ жармыкIэм деж зыхуейр, зытриубыдэр наIуэ щызыхуищIыфынущ. ЕджапIэ зэхуэмыдэхэр жармыкIэм хэлэжьыхьынущ. Абы и фIыщIэкIэ, щIалэгъуалэм а еджапIэхэм къыщIахыфыну щIэныгъэм, ар къызыхуагъэсэбэпыфыну лэжьапIэхэм зыщагъэгъуэзэнущ, зытраубыдэнур наIуэ зыхуащIынущ. ФIыщIэ яхудощI жармыкIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм, — жиIащ Суюнов Джанибек.

ЦIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ республикэ Купсэм къаруугъу, социальнэ гуэгъу хуэхъуащ КъЧР-м и «Зыуэ щыт Урысей» парт къудамэр, республикэм и профсоюзхэм я Зэгухьэныгъэр, промышленникхэм, хьэрычэтыщIэхэмрэ лэжьапIэтхэмрэ я Зэгухьэныгъэр.

Псори зэхэту жармыкIэм а махуэм хэлэжьыхьащ лэжьапIэт Iуэхущ1апIэ 27-рэ, ищхьэ, IэщIагъэ къыздыщIах курыт еджапIэ 12. ЖармыкIэ утыкум щагъэнэIуащ лэжьапIэ вакансие 200, лэжьапIэтхэр зыхуэныкъуэ лэжьапIэ лIэужьыгъуэ миным щIигъу ягъэлъэгъуащ. ЕджапIэхэм цIыхухэр щагъэгъуэзащ зыхуеджэм, яджым, я еджапIэм къыщIахыну щIэныгъэм и къэгъэсэбэпыпIэхэм, лэжьапIэхэм. ПлIанэпэплIанэпэкIэрэ гуэшауэрэ лэжьащ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм тегъэпсыхьа гупхэр. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, зым деж лэжьапIэтым щыдэIэпыкъут, нэгъуэщIым деж — лэжьапIэ лъыхъуэм.

2

Хъыбархэр - кIэщIу

Быныбэ унагъуэхэм

Гектар 32,46-рэ къызэщIэзыубыдэ щIыгу Iыхьэ 299-рэ быныбэ унагъуэхэм Къэрэшей-Черкесым щыхуагуэшащ илъэс кIуам.

Сабиищ, нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэм пщIэншэу мыпхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтыным теухуа хабзэр зэрылажьэрэ, псори зэхэту хэгъуэгум щIыгу Iыхьэ 3733-рэ щагуэшащ, гектар 399,59-рэ къызэщIиубыдэу.

Къыхэгъэщыпхъэщи, районым псори зэтегъэпсыхьакъым мыпхуэдэ щIыгу Iыхьэхэр игуэшынымкIэ. Абы къыхэкIыу, щIыгу ратыну зыхуэфащэ унагъуэм и арэзыныгъэкIэ, ахэр къыщыхупач нэгъуэщI районхэм деж.

Лэжьыгъэхэр йокIуэкI

Зэман кIэщIкIэ зэфIахын хуейуэ зэхагъэува планым ипкъ иту, мы гъэм къат куэду зэтет унэ 31-м зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIынущ.

Абыхэм щыщу унэ 24-м я щхьэхэр зэрахъуэкIынущ, тIум инженер лъэныкъуэгъазэхэр щызэрагъэзэхуэнущ, тIум я IуплъапIэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, унищым лифт оборудованэ 13 щызэрахъуэкIынущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ программэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ къату зэтет псэупIэ 553-м лэжьыгъэ зэхуэмыдэ 677-рэ зэрыщрагъэкIуэкIар.

Хэгъуэгур — щыпашэщ

«Честный знак» жыхуиIэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2003 гъэм минеральнэ псы къыщIэгъэкIынымкIэ Урысейм и хэгъуэгухэм щыщу ди республикэм япэ увыпIэр иубыдащ.

Ди щIыналъэм минеральнэ псы къыщIэжыпIэу 200-м щIигъу иIэщ. Апхуэдэ псы къыщIэгъэкIыным 2023 гъэм литр мелуан 531-м нэс хэхъуащ, 2022 гъэм елъытамэ, литр мелуани 194-кIэ нэхъыбэщ.

Ираф хъу псырэ минеральнэ псырэ къыщIэгъэкIыныр республикэмкIэ инвестицэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэщ. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI ди хэгъуэгум и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, Урысейм и ерыскъыхэкI шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным.

Къэрэшей-Черкесым и предприятэхэр нэхъыфIу къыщалъытащ Дунейпсо, Урысейпсо зэпеуэхэм, абыхэм къыщIагъэкI псыхэр фIагъ зиIэщ, щIыуэпс къабзагъ я лъэныкъуэкIэ щапхъэщ.

Туризм

ЛъэкIыныгъэхэр

«Туризм и индустрия гостеприимства» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэрэ, мэлыжьыхьым и 14-м республикэм къэкIуэнущ лъэпкъ, лъэпкъзэпх туроператорхэр, Къэрэшей-Черкесым туризм и лъэныкъуэкIэ и зэфIэкIхэр ягъэлъэгъуэн, ипэкIэ ягъэкIуэтэныр я мурад нэхъыщхьэу.

Туроператорхэм зыщагъэгъуэзэнущ республикэм и зыгъэпсэхупIэхэм, Домбай, Архъыз, Аланскэ къалэ лъахэжьым, Шаонинскэ къулъшырыфым, дэкIынущ Мусса-Ачитар бгым.

ЗекIуэхэр ирагъэкIуэкIынущ мэлыжьыхьым и 20-м нэгъунэ.

ТУАРШЫ Ирэ

Юбилей

Махуэщ1ым къик1ыу

«Архъыз 24»-р — илъэси 10 ирикъуащ

2014 гъэм, мэлыжьыхьым и 12-м Къэрэшей-Черкесым япэ дыдэ щаут1ыпщауэ щытащ жэщ-махуэк1э лэжьэну телеканал — «Архъыз-24»-р. Мы гъэм телеканалым игъэлъэп1ащ и илъэсипщ1 ныбжьыр. Абы и щ1ыхьк1э, Черкесск къалэм дэт республикэ филармонием мэлыжьыхьым и 5-м пшыхь щек1уэк1ащ.

Къыхэгъэщыпхъэщи, телеканалым и юбилей махуэщ1ым ипэ иригъэщащ къэралыр зыхэт 1уэхугъуэр ик1и пшыхьым и къыхуеджэныгъэ ищ1ащ «Нам не нужны подарки. Лучше поддержим участников СВО» къыхуеджэныгъэр. Абы ипкъ иткІэрэ, телеканалым тыгъэу къыхуащ1ынур зытрауху ар, зыхуаунэт1ар СВО-м хэтхэращ. «Дэрк1э тыгъэ псоми я щхьэщ Тек1уэныгъэр», — псалъэхэр утыкум щы1ущ ик1и гуф1эгъуэ пшыхьымрэ псапащ1э 1уэхумрэ хьэлэмэту зэрагъэк1ущ.

Телеканалым и илъэсипщ1 юбилей гуф1эгъуэр дагуэшк1эрэ, хъуэхъу псалъэхэр, тхыгъэхэр республикэми, Урысейм и дэнэ хэгъуэгуи, федеральнэ утыкухэми къабгъэдэк1ащ.

«Жэщ-махуэ лэжьэк1эр зи 1уэхущ1афэ «Архъыз-24» телеканалым щылажьэхэми каналым и тыгъэхэм еплъхэми сывохъуэхъу юбилей махуэщ1 хьэлэмэтым и щ1эк1э! А илъэсхэм къриубыдэу телеканалым къик1уащ творческэ лэжьыгъэк1э гъэнщ1а гуащ1эдэк1 гъуэгуанэ, хэлъхьэныгъэф1 хуищ1ащ хэгъуэгу, Хэку телевиденэм. И теленэтын гъэщ1эгъуэнхэм, зэмыл1эужьыгъуэхэм къапэк1уэу, «Архъыз-24» -м щ1ыхь зыпылъ нагъыщэ, дамыгъэ, щ1ыхьыщ1э куэд къилъэщащ, мелуан бжыгъэ телевизореплъхэр зыдригъэхьэхыфащ. Телеканалым и лэжьыгъэр зэрыщыту зытеухуар республикэм дин, лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр щыгъэбыдэнращ, тхыдэ, хабзэ ф1ыгъуэхэр, хэгъуэгум и щ1эин бейр гъэбэгъуэн, ц1эрыІуэ щ1ынращ, щ1эблэк1эрэ зэ1эпегъэхынращ. А нагъыщэ нэхъыщхьэ хъуащ. Фи ехъул1эныгъэхэм я щыхьэтщ къыфхуагъэфащэ къэрал нагъыщэхэмрэ ц1ыхубэ ф1ылъагъуныгъэмрэ. Си ф1эщ мэхъу, «Архъыз-24»-м дяпэк1и зиужьурэ ек1уэк1ынущ. Гуащ1эдэк1 ехъул1эныгъэщ1эхэмк1э, тегушхуэныгъэщ1эхэмк1э сывохъуэхъу!» — итщ хъуэхъу тхыгъэм.

Апхуэдэ псалъэхэм къак1элъык1уэу, КъЧР-м и Іэтащхьэм къыбгъэдэк1ыу лъэпкъыбэ журналистикэм хуащ1 хэлъхьэныгъэм, телеканалым и илъэси 10 юбилейм и ц1эк1э Щ1ыхь, Ф1ыщ1э тхылъхэр хуагъэфэщащ телеканалым и лэжьак1уэ пашэхэм: Чыкъуэ Эрнест, Туаршы Беслъэн, Мирза Далил, Биджиев псори къызыпэк1уэр телеканалым щылажьэ гуп зэгъэу1уа, зэгурыгъэ1уам и зэдэлэжьэк1э, унафэ узыншэращ. Шэч къытесхьэкъым, дяпэк1и ехъул1эныгъэщ1эхэмрэ лъагап1эщ1эхэмрэ фыхунэсынущ. Угъурлыгъэрэ ф1ыгъуэрэ!» — псалъэхэр зэрыт хъуэхъу тхыгъэ каналым къыхуригъэхьащ УФ-м и Президентым и Полномочнэ л1ык1уэу СКФО-м щы1э Чайка Юрий.

КъЧР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэк1 хъуэхъу зыхуэгъэзэныгъэ псалъэхэм къеджащ Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Суюнчев Мурат.

«П1щ1э зыхуэтщ1у медиахолдинг «Архъыз-24» телеканалым щылажьэ гуп! Си гум къыбгъэдэк1ыу сывохъуэхъу фи илъэси 10 юбилейм и щ1ыхьк1э! Ар гъэлъэгъуэныгъэф1щ гуащ1эдэк1 илъэс бжыгъэк1и, фи ехъул1эныгъэхэмк1и. А илъэсхэм къриубыдэу фэ хъыбарегъащ1э, нэгузыужь нэтынхэм я телеканал, жылагъуэмрэ властымрэ я зэпыщ1ак1уэу фыщытщ. Фэ — зэчэнджэщыпІэ, жэрдэмхэм я гъэл1эгъуап1э, зэпсэльап1э утыку фыхъуащ. Медиахолдингым хэлъхьэныгъэф1 хуещ1 дин, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным. Фи нэтынхэм я ф1ыщ1эк1э, холдингыр республикэм и зы нагъыщэ нэхъыщхьэ хъуащ. Фи ехъул1эныгъэхэм я щыхьэтщ къыфхуагъэфащэ къэрал нагъыщэхэмрэ ц1ыхубэ ф1ылъагъуныгъэмрэ. Си ф1эщ мэхъу, «Архъыз-24»-м дяпэк1и зиужьурэ ек1уэк1ынущ. Гуащ1эдэк1 ехъул1эныгъэщ1эхэмк1э, тегушхуэныгъэщ1эхэмк1э сывохъуэхъу!» — итщ хъуэхъу тхыгъэм.

ТУАРШЫ Беслъэн щ1ыхь тхылъыр къыхуагъэфащэ

Апхуэдэ псалъэхэм къак1элъык1уэу, КъЧР-м и Іэтащхьэм къыбгъэдэк1ыу лъэпкъыбэ журналистикэм хуащ1 хэлъхьэныгъэм, телеканалым и илъэси 10 юбилейм и ц1эк1э Щ1ыхь, Ф1ыщ1э тхылъхэр хуагъэфэщащ телеканалым и лэжьак1уэ пашэхэм: Чыкъуэ Эрнест, Туаршы Беслъэн, Мирза Далил, Биджиев Елдар, Ивановэ Екатеринэ, Герюговэ Каринэ сымэ.

— Дэнэ дыщымы1ами, сыт хуэдэ 1уэху зедмыхуами, сыт щыгъуи, дэнэ дежи ди хэку ц1ык1ур, Къэрэшей-Черкесыр зэрытщ1ыгъур зэрызыхэдывгъащ1эм папщ1э ф1ыщ1э псалъэхэр фхузогъэфащэ, — жи1ащ Суюнчев Мурат.

КъЧР-м и Ц1ыхубэ Зэ1ущ1эм, Министерствэ, къулыкъу зэхуэмыдэхэм къабгъэдэк1ыу куэдым я ц1э ира1уащ, щ1ыхь утыкум щ1этащ а махуэм. Президиумым къыбгъэдэк1ыу Щ1ыхьтхылъ телеканалми, Карабашевэ Неллэ, Мирза Далил, К1ык1ут1у Альберт сымэ хуагъэфэщащ.

УФ-м цифровой зыужьыныгъэмк1э и министрым и къуэдзэ Шэрджэс Белэ къыбгъэдэк1а федеральнэ хъуэхъум къеджащ КъЧР-м цифровой зыужьыныгъэмк1э и министр Медовый Валерий. Къыхигъэщащ илъэсипщ1 гъуэгум къриубыдэу телеканалым зи ц1эр зэрихьэ Архъыз курортым, республикэм и щ1ып1э куэдым и ц1эр игъэ1унымк1э лэжьыгъэшхуэ зэрызэф1ихар, нэтын гъэщ1эгъуэныщэхэр, проектхэр ц1ыху щхьэхуэхэм, къэхъукъащ1эхэм зэрытриухуар.

Пшыхьым хъуэхъу псалъэхэр куэду щы1ущ. Абыхэм ягъэджэжащ къызэхуэсахэм я гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ къэзы1эта щэнхабзэ зыкъэгъэл1эгъуэныгъэхэр. Гуф1эгъуэ пшыхьыр къадэзы1эта дэтхэнэми, къахуеблэгъа псоми ф1ыщ1э псалъэхэмк1э захуигъэзащ телеканалым и унафэщ1 Батчаевэ Мадинэ. Абы къыхигъэщащ телеканалым гъусэ пэж къыхуэхъуа, щылажьэхэм ягухэр зыхьэхуахэр. Апхуэдэщ СВО-м хэта, ноби еш зымыщ1эу хэкупсагъэмрэ лъэпкъыпсагъэмрэ икърарк1э бгъэдэт Гусхэ Замир, нэгъуэщ1хэри.

Каналым и юбилейм ехъул1эу къыдагъэк1ащ «Книга рекордов Карачаево-Черкессии» тхылъыр ик1и абы япэу иратхащ Джемакулов Мухьэмэд — Іэпщэк1э щ1ым зыкъытеІэтык1ынымк1э ехъул1эныгъэ бэлыхь къэзыгъэлъэгъуа, сыхьэтит1ым къриубыдэу 2085-рэ зылъэк1а щ1алэ ц1ык1ур.

«Архъыз-24» телеканалым и лэжьыгъэр щригъэжьар, хьэршым япэу ц1ыхур щылъэта мэлыжьыхьым и 12-ращ. Ар, Тхьэм ирещ1и, каналым и ц1эр, и гуащ1эр уэгум зэрынэсынум я нагъыщэу къыщ1эк1ынщ. Телеканалым и лэжьэк1эм тепщ1ыхьмэ, яхуэзф1эк1ынми зы хуэ1уакъым. Абык1и дахуохъуахъуэ!

ТУАРШЫ Ирэ

Гъуазджэ

Даур Аслъэн и ц1эр зезыхьэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэк1э Черкесск къалэм дэт колледжым щагъэлъэгъуащ Искандер Фазиль и «Сандро из Чегема» роман ц1эры1уэм тхак1уэ, усак1уэ, журналист, драматург Бемырзэ Зураб къытрищ1ык1а «Сандро» пьесэр.

Уи гуапэ мыхъуу къанэкъым спектаклым еплъыну гукъыдэж я1эу пэшым ц1ыхур щ1эзу къызэрек1уэл1ар, псом хуэмыдэу уагъэгушхуэт еджак1уэ ц1ык1ухэр куэд зэрыхъум. «Шэхур пщтыр щ1ык1э яхуз, сабийр ц1ык1у щ1ык1э ягъасэ», — жыхуа1эр аракъэ. Бзэр щ1эблэм ф1ыуэ зэребгъэлъагъуфыну, нэхъ куууэ зэребгъэщ1эфыну 1эмалхэм ящыщщ театрыр.

Спектаклым щыджэгуар театрым и артист пажэхэм я закъуэкъым, ат1э япэу утыку къихьахэри яхэтащ абы. Щхьэхуэу дэтхэнэми и ц1э къит1уэну дыхуейщ: Сандро — Шыбзыхъуэ Щэмил, Теймыр – Хьэкъун Кемран, пшынауэ щ1алэ – Къуршэ Мухьэмэд, Аслъэн (пщым и къуэ) – Мамыжь Хьэзрэт, Гуащэ - К1эм Ася, Шазинэ – Къэргъей Заремэ, Японкэ – Мэчэр Индирэ, Пщы гуащэ – Шорэ Марянэ, усэхэм къеджэ дадэр – Дыщэк1 Русланщ. Спектаклым щ1эта макъамэхэр хуэзытхар Щауэжь Артурщ.

Утыкум и зы лъэныкъуэмк1э чийк1э хуа бжыхь, блэр щ1ыжа хадэхэк1хэр ф1элъу итщ, мыдрей лъэныкъуэмк1э пкъо мылъагэ итым и щхьэк1эм зы уэздыгъэ пылъщи, и нурыр дыгъэм хуэдэу мэлыд.

Спектаклым и пэщ1эдзэм утыкум къохьэ, упщ1э пы1э зыщыгъ адыгэ дадэр. Ар къоджэ Бемырзэ Мухьэдин «Уздэжэр дэнэ, лъагъуэ ц1ык1у?» и усэм. Ар хуэгъэпсащ хъуапсэр зэрыз псэм щ1эрымыхьэж Іэпкълъэпкъым, ц1ыху гъащ1эр зэрыпсынщ1эрык1уэм тэлайри гъащ1эпсо и уасэнк1э зэрыхъунум.

Гупсысэ куэд зэмыфэгъуу, ауэ зэк1уу щызэхуэхуэна спектаклым ипэм щыщ1эдзауэ и к1эм нэсыху пф1эгъэщ1эгъуэну узэщ1и1ыгъэщ, къэхъунум ухуегъэп1ащ1э, зэм уегъэгузавэ, зэм уегъэгуфІэ, зэми уегъэдыхьэшх. Ц1ыхум и хьэл, щ1ык1э зэмыл1эужьыгъуэхэр авторым ди пащхьэм кърехьэ, ныбжьэгъугъэмрэ ц1ыхугъэмрэ, хабзэмрэ насыпымрэ, гухэлъымрэ л1ыгъэмрэ зэрызэпха, зэрызэпыщ1ар на1уэу абы щыдолъагъу.

Ц1ыхур и насып щ1эбэнын папщ1э Іэмал псори къигъэсэбэпын хуейуэ къэзылъытэ щы1эщ. Абыхэм ящыщщ мы спектаклым и л1ыхъужь нэхъыщхьэ Сандро щ1алэщ1эр. Гушы1э дахэм хуэдэу псэр зыгъэпсэху щы1экъым, ауэ гушы1эм и къалэн нэхъыщхьэр ц1ыхум зригъэщ1эжынращ, ар мы1ейуэ къехъул1ащ авторым.

Гухэлъ теплъэгъуэк1э къыпащэ Сандро щ1алэщ1эмрэ абы ф1ыуэ илъэгъуа Гуащэрэ. Щ1алэм хъыджэбзыр къишэн мурад зэри1эр щыжри1эм, пщащэм зигъэщ1эгъуэжу къыпедзыж пщым и къуэр къызэрыдихьэхар, уеблэмэ ахэр зэрышэну зэгурыІуауэ къыщ1ок1. Сандро и насыпым ехьэл1ауэ и гум щигъэт1ыгъуэ мурадыф1хэр къыщызэтекъутэм, зыпэмылъэщыну псым япэ щ1ык1э зрегъэхь, Іэмалыншагъэм и щхьэр къримыгъэ1эту. Пщым и къуэм и мурадыр Сандро жре1эри, Гуащэ псыхьэ щык1уэк1э къыхуахьыну йолъэ1у.

Сандро а Іуэхур зэрижагъуэр нэрылъагъущ, ауэ зиумысыж хъунукъым. Цы зэрыхъэм хуэдэу зэхэзэрыхьа насып лъагъуэм хэк1ып1э лъэпкъи хомылъагъуэ хуэдэщ, ауэ авторым уи гум гугъэ кърелъхьэ зэхагъэзэрыхьу Гуащэ ип1эк1э Шазинэ къыщахьк1э. Къахьар Іуэху, щ1алэжьхэм адэк1э ящ1энур къагурыІуэркъым, Шазинэри яхуэк1уэжыркъым, а дакъикъэхэм залыр дыхьэшх макъым къегъачэ. Шазинэри зы зэк1эщ1эша гуэрщ гъэф1а хъужуи, нысэным дихьэхауэ зегъэщ1агъуэри щытщ, я унэ к1уэжыну щыжра1эк1э щ1алэ «хахуэхэр» и дэлъхуитхук1э егъэшынэри, модрейхэр йок1уэтыж.

Нэгъуэщ1 хэк1ып1э щамыгъуэтым ет1уанэу йожьэри иджы Гуащэ пщащэ зэк1ужыр къахь. Ауэ абык1и Іуэхур нэхъ тынш хъуркъым, ет1уанэ хъыджэбзыр дэнэ здахьынур, ерыщу яхуэк1уэжкъыми зыщ. Абы хэту Сандро и тхьэк1умэм къицырхъащ пщым я унэ эндуреецылъ зыхэлъ ирашэнк1э Іэмал имы1эу, абы лъэпкъ псом я напэ трихынк1э шынагъуэ зэрыщы1эр.

Сандро бзаджагъэ хуок1уэ, Гуащэ щэхуу Іуегъэк1уэтри гуро1уэ эндуреецылъ хэлъу жи1эну. Апхуэдэуи ящ1. Пщым и къуэр зыпэмыплъа Іуэху къыщык1уэк1ым щхьэжэ щохъу, сыт иджы ящ1энур? Сыт ящ1эми пл1э1ук1э къахьа хъыджэбзит1ым я напэ трамыхыу, езыхэм яйри яхъумэу мы Іуэхум къыхэк1ын хуейщ.

Гъэунэхуп1э ихуа щ1алэхэм уак1элъыплъыну хьэлэмэтщ. Іэщ1эк1 насыпым и нэр къыщрегъапхъуэри Сандро аргуэру хьилагъэ хуок1уэ. Абы пщы щ1алэр къытрегъыхьэ уэркъылъ зыхэлъ Шазинэ дахэр къишэну, езым я ныбжьэгъугъэм и хьэтырк1э «щхьэузыхь» зищ1у Гуащэ къишэну зэрыхьэзырри щ1егъуж.

Пщым и къуэр япэ щ1ык1э Іэнкунми, ит1анэ арэзы мэхъу, хъыджэбзит1ри а Іуэхум ириарэзыщи – яшэ. Пщым и деж ирахьэл1эу хьэгъуэл1ыгъуэм зыхуагъэхьэзырын щ1адзауэ пщы гуащэм зеумысыж езыми эндуреецылъ зэрыхэлъымк1э. Ар зэрызэхихыу Аслъэн (и жьэр Іурыхуауэ утыкум къохьэ) «Дауэ?? Ахъ? Иджыри къэси зэхэсхакъыми??», — жи.

Пщы гуащэм абы и жэуапу къет: «Уи адэм игъэхъыбаракъым зэгуэрми, «ар и уасэкъым ди насыпым зэран къыхуэхъуну» жери. Сэри сриук1ытэу аракъым, ауэ къызэупщ1ым яжес1ащ, къызэмыупщ1ым яжес1акъым».

«Фэ куэд къывгурыІуэкъым. Къэпшэн хуейр лъэпкък1э къыпхыхьэракъым, гук1э къыпхыхьэращ. Насыпыф1э ущызэдэхъур – зэщхьу ущыгупсысэм дежкъым, ат1э – зэгъусэу ущыгупсысэм дежщ. Щхьэусыгъуэ узыхуэлъыхъуэу щ1эбдзар – насып хъужынукъым. Насыпыр – уемыжьауэ, уемыгупсысауэ къак1уэращ. Армыхъу нэгъуэщ1къым. Насып ыф1э фыхъуну фыхуеймэ, фызэплъын хуейр гум къыхихращ. Нэхъ гузэвэгъуэ уихуэу, мы дунейм уи закъуэу укъытенауэ къыщыпщыхъу махуэм лъэпкъми, хьэблэми, жылэми ялъэк1ынукъым къыббгъэдэт1ысхьэу уи Іэр яубыдын, уи щхьэм къедэхэщ1эн, уи гур зыгъэсабырын псалъэ гуапэ къыбжа1эн – ар зылъэк1ынур уи благъэ ц1ыхуращ, ар сыт хуэдэ лъэпкъым къыхэк1ауэ щымытами… Гупсысэ дахэмк1э щ1агъэбыдэж спектаклыр.

«Искандер Фазиль и прозэр гъащ1эк1э гъэнщ1ащ. Абы и тхыгъэхэм езгъэщхьыфыну щы1эр Шукшин Василий е Нало Заур сымэ я Іэдакъэщ1эк1хэращ. Абыхэм я тхыгъэхэм дапщэрэ семыджами защызгъэнщ1к1ыым. Аращ пьесэри Искандер и рассказхэм къатесщ1ык1ыну щ1ытезубыдар, рассказхэм сащ1ыхэ1эбэм, Сандро теухуахэм сащ1ыхэплъар. Иужьрей илъэсхэм Акъ Мухьэрбэч и ц1эр зезыхьэ адыгэ театрым адыгэбзэк1э утыкум «щигъэпсэлъащ» тхак1уэшхуэ куэдым я Іэдакъэщ1эк1хэр – Гамзатоврэ Шукшинрэ я деж къыщыщ1эдзауэ, Искандер и деж щы1эк1ыжу. Ар зимыуасэ щы1экъым», — же1э Бемырзэ Зураб.

Спектаклым и режиссёр Емк1уж Анзор ар зэригъэува щ1ык1эм щхьэхуэу и гугъу тщ1ынут. Зым и дежк1и щэхукъым спектаклыр зэрыхъунум и Іыхьэшхуэ ар зыгъэув режиссёрым зэрелъытар. Ди щхьэк1э щ1эщыгъуэ, адыгэ театрхэм ипэк1э къыщамыгъэсэбэпа еплъык1э, хэк1ып1э зэмыл1эужьыгъуэхэм дыщыхэплъащ а пшыхьым. Сыт хуэдэ Іуэхуми зэманым зыдимыужьмэ – ек1э к1уэнущ. Анзор игъэува спектаклым пасэрей Іэужьым и нобэрей ежьу хэлъщ, аращ занщ1эу удэзыхьэхри.

Псалъэм папщ1э, Сандрорэ Гуащэрэ гухэлъ щызэхуа1уатэк1э, Сандро пкъом ф1эдза уэздыгъэм идз нэхум и лъабжьэм щ1оувэри, езыри къоунэху, ди щхьэк1э ар гухэлъ къабзэм и нуру къэтлъытащ. Спектаклым хэт л1ыхъужьым ищ1ар пэжщ е пц1ыщ жыт1эныр тф1эт1эмэмкъым, сыт щхьэк1э жып1эмэ, ц1ыху къэск1э и гъуэгу и насып и1эжщ, абы дэ дызэрыхуэк1уэнур ди акъылрэ къарурэ къызэрихьщ зэлъытар, ауэ шэч хэмылъу, захуагъэмрэ пэжагъымрэ тетым и гъуэгур нэхъ гугъуми и абы къыпэк1уэну ф1ыгъуэри нэхъ лъап1эщ…

Спектаклым гупсысэ зэмыл1эужьыгъуэ куэд къыхэтхауэ дыкъыщ1эк1ыжащ, ауэ мы дуней псынщ1эрык1уэм щынэхъыщхьэращи, зыдгъэпсэхуауэ, щ1эщыгъуэ дыхъуауэ, спектаклым иджыри тедгъэзэну дыхуейуэ дыкъыщ1эк1ыжащ.

Авторыми, режиссёрми, артистхэми я мурадыр къехъул1ауэ къыдолъытэри, адэк1и ефэк1уэну дахуохъуахъуэ!

ИНАРОКЪУЭ Данэ

Мэлыжьыхьым (апрелым) и 1-р, гушы1эмрэ ауанымрэ я махуэр, Акъ Мухьэрбэч и ц1эр зезыхьэ адыгэ (черкес) драмэ театрым гушы1эр зи лъабжьэ спектакль гъэщ1эгъуэным и премьерэк1э игъэлъап1ащ.

«Сандро»

ХъыбарегъащІэ

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Ц1ыхубэ Зэ1ущ1эм (Парламентым) и Унафэ

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 23-м «Об общих принципах организации и деятельности общественных палат субъектов в Российской Федерации» зи №183 ФЗ-уэ къыдэк1а Федеральнэ Хабзэмрэ 2011 гъэм накъыгъэм (майм) и 17-м «Об Общественной палате Карачаево-Черкесской Республики» Къэрэшей-Черкес Республикэм и Хабзэмрэ япкъ иткІэрэ, КъЧР-м и Ц1ыхубэ Зэ1ущ1эм (Парламентым) **унафэ ещ1:**

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Жылагъуэ палатэм и полномочнэ п1алъэм хэгъэхьэн:

Айбазовэ Раисэ Кълыш-Джэрий и пхъур
Гочияев Борис Хьэжы-Ахъмэт и къуэр
Джанкезов Ренат Ибрэхьим и къуэр
Жедяев Евгений Дмитриевич
Кузнецов Владимир Иванович
Ляшовэ Еленэ Владимировнэ
Псэунхэ Аслъэн Іэуес и къуэр
Рюминэ Анжелэ Анатольевнэ
Тоторкулов Шэхьэбэн Муссай и къуэр
Хабов Руслан Хъусей и къуэр
Хубиев Хъызыр Умар и къуэр
Чомаев Альберт Биаслъэн и къуэр.

2. Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм къыщегъэжьауэ.

ИВАНОВ Александр,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Ц1ыхубэ Зэ1ущ1эм (Парламентым) и тхьэмадэ

Черкесск къалэ

2024 гъэ мэлыжьыхьым (апрелым) и 2
№54

Жармык1эм къик1ыу

Лъыхъуэм къегъуэт

1

Къыхэзыхагъэххэм дэфтэрхэм иритхапхъэхэмк1э нэгъуэщ1 пл1анэпэм дэ1эпыкъуныгъэ щигъуэтащ.

Лэжьащ СВО-м хыхьэну хуейхэм, контрактникыу зыщ1езыгъэтхэнум ядэ1эпыкъуа пл1анэпи. Республикэ военкоматым апхуэдэхэм ядэлэжьэнымк1э и Іэщ1агъэл1 Скоморох Владимир жи1ащ жармык1эр зэрыщ1идзэрэ дакъикъэ 20 нэхъ темык1ами, ц1ыхуит1 къазэрыбгъэдыхьагъэххэр, контракт къулыкъум щ1эупщ1эу.

— Контракт къулыкъум куэд нобэ къыщ1эупщ1эну жызо1э. Ц1ыхухъухэм къагуро1уэ — контракт къулыкъур — щ1ыхьщ, л1ыгъэщ. Абы къинэмыщ1ауэ, улахуэф1и, социальнэ хуэгъэк1уэтэныгъэ, тыныгъэ л1эужьыгъуэ куэди къыдок1уэ абы. Дэ ди къалэнщ ноби, военкоматым дежи махуэ къэс ц1ыхухэр контракт къулыкъум щыдгъэгъуэзэныр, жыхуэс1а социальнэ лъэныкъуэхэм я гугъу тщ1ыныр, — жи1ащ къулыкъущ1эм.

Жармык1эр къызэрымык1уэу гъэщ1эгъуэну, уеблэмэ махуэщ1 щытык1эм иту ек1уэк1ащ. Абы и зы лэжьыгъэ Іыхьэ хъуащ илъэс куэд хъуауэ, гуащ1аф1эу лэжьап1э, къулыкъу, Іэнат1э зэхуэмыдэхэм пэрытхэр, къабзэу лажьэ лэжьап1этхэр, Іуэхущ1ап1эхэр щ1ыхь утыкум ишэныр.

КъЧР-м и Ц1ыхубэ Зэ1ущ1эм (Парламентым) хэт депутат, «Зыуэ щыт Урысей» партыр зи жэрдэмщ1ак1уэ, «Выбирай своё» федеральнэ проектым и координатор Гуэнэ Игорь яхуигъэфэщащ Щ1ыхь, Ф1ыщ1э тхылъхэр. Ди гуапэ хъуащ апхуэдэ щ1ыхьк1э «Абазашта» газетым и сурэттех Щотыкъ Адлбий къызэрыхагъэщар.

Жармык1эр зы дакъикъи ц1ыхуншэ хъуакъым, хэти зыхуей игъуэтащ, хэти илъэгъуа псоми яужь хьэкъыу къыгурыІуащ лъыхъуэмэ лэжьап1эншэ зэрымыхъунур, къызэригъуэтынур. Пщэдджыжьым сыхьэтыр 10-м щ1идза жармык1эм 13:00-хэм деж и лэжьыгъэр иухащ.

ТУАРШЫ Ирэ

Щэнхабзэ

ГъуазджэмкIэ IэщIагъэлIхэм яхуэгъэпсат

«Мастера искусств Карачаево-Черкесии» фIэщыгъэм щIэту 2023 гъэм дунейм къытехьа тхылъ гъэщIэгъуэным и лъэтеувэ щащIащ Хьэбэз къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм.

Байрамуковэ Хь. и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и лэжьакIуэхэу Хапчаевэ Тамарэ, Джазаевэ Тамарэ, Переверзевэ Иринэ сымэ я IэдакъэкъыщIэкIа тхылъыр Къэрэшей-Черкес Республикэр къызэрагъэщIрэ илъэси 100 зэрырикъум хуэгъэпсащ. Тхылъым Къэрэшей-Черкесым гъуазджэхэмкIэ и IэщIагъэлI нэхъыфIхэм, зэфIэкI лъагэхэр къэзыгъэлъэгъуахэм, ноби абы псэ хьэлэлу хуэлажьэхэм, республикэм и мызакъуэу къэралым цIэрыIуэ щыхъуахэм теухуащ.

А пшыхьым хэтащ КъЧР-м щэнхабзэмкIэ и министр Агырбэ Зураб, Байрамуковэ Хь. и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI Хапчаев Сэлыхь, Хьэбэз муниципальнэ район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Унэжь Олег, республикэ сабий библиотекэм и унафэщI Демишонковэ Наталье, Хьэбэз районым егъэджэныгъэмкIэ къудамэм и унафэщI Сидакъ Жаннэ, Сидакъ СулътIан и цIэр зезыхьэ Сабий гъуазджэхэмкIэ еджапIэм егъэджэныгъэ IуэхумкIэ и унафэщI Банэ Зулетэ, Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэм къызэIуаха иужь япэу псалъэ зратар Агырбэ Зурабщ.

— Щхьэусыгъуэ дахэкIэ дызэхуэсауэ къызолъытэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мы тхылъыр дэркIэ лъапIэщ, ди республикэм и щэнхабзэм и энциклопедиеу къэплъытэ хъунущ ар. Дунейм ехыжа куэдым я щIыхьыр щагъэлъапIэ а къыдэкIыгъуэм. Республикэм и гъуазджэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэр иту зы тхылъи щыIэтэкъым. Сурэт щIыным, уэрэд жыIэным, лъэпкъ макъамэм, къафэм къыщыхэжаныкIауэ цIыху ахъырзэманхэм щытопсэлъыхь абы. Къыхэгъэщыпхъэщ мы Iуэхум федеральнэ грант къызэрыхуагъэфэщар. Лъэпкъ куэд щыпсэу ди республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абы исхэр зэрыцIыхуным, зэрыIыгъыным. ИкъукIэ лэжьыгъэфIщ. Тхылъыр тхылъымпIэкIэ къызэрыдэкIар фIы дыдэщ, ауэ абы иджырей зэманым и псэ IудгъэкIэн хуейуэ къызолъытэ, ар мультимедийнэ, цифровой жыпхъэхэм идгъэувэмэ, щIалэгъуалэм нэхъ тыншу къащтэнущ, зэрагъэцIыхунущ. Куэду сыщогугъ мы тхылъым дяпэкIэ иттхэн щIэблэ къыттщIэувэу, къэблагъэ зэманым ар щIэрыщIэу къыдэдгъэкIыжын хуей хъуну, — жиIащ министрым.

Тхылъым итхэм ящыщу Хьэбэз къуажэм щыщ цIыху цIэрыIуэхэу Даур Аслъэн, Сидакъ СулътIан, КIэмрыгу Хьэтызэ сымэ нэхъыбэу яхуэгъэпсат а пшыхьыр. Къыхэгъэщыпхъэщ а щым я фэеплъ сынхэр Iуэхур щекIуэкI щэнхабзэмкIэ Унэм и бжэIупэм зэрыщытыр.

Музыкэ гъуазджэмкIэ Iыхьэм хэтщ композитор, дирижёр, егъэджакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Урысеймрэ Абхъазымрэ гъуазджэхэмкIэ ЩIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Даур Аслъэн. Пшыхьым кърихьэлIахэм ягу къагъэкIыжащ Даурым и гъащIэ гъуэгуанэр, абы лъэпкъ, республикэ щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иным къытепсэлъыхьащ. Утыкум къыщыпсэлъащ Даур Аслъэн и шыпхъум ипхъу Цекъуэ Арабеллэ. Абы жиIащ Аслъэн цIыху гуапэу, ихъуреягъым ятеубгъууэ зэрыпсэуар.

—Гъатхэпэм и 8-м, сымаджэщым щIэлъу ирихьэлIати, сымаджэщым щылажьэхэр и пэшым щызэхуишэсри бзылъхугъэхэм я махуэмкIэ яхъуэхъуащ, гугъу къыдехьхэм фIыщIэ яхуищIащ, къехьэлъэкIми, зыкъыдимыгъэщIэну хэту, лIыгъэ зыхигъэлъу псэлъащ, итIанэ псори дыкъыщIигъэкIри, Iэдэбу тхэкIыжащ. «БлэкIар зымыщIэжым къэкIуэн иIэхъым», — жаIэ, фIыщIэ ин фхузощI фи блэкIар IэщIыб зэрывмыщIым папщIэ. Даур Аслъэн и цIэр зэрихьэу щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ Черкесск дэт колледжым иджыблагъэ абы и музей къыщызэIуахащ, ар хуабжьу узыщыгуфIыкIынщ. Мы тхылъым елэжьа псоми фIыщIэ ин фхузощI, — захуигъэзащ Арабеллэ къызэхуэсахэм.

Тутхэ Михаил Даур Аслъэн хуитха «Ангел моего народа» усэр щагъэзэщIащ абы, «Сэтэней» гупыр къафэ екIукIэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къихьащ.

КъыкIэлъыкIуэу и гугъу ящIащ РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сидакъ СулътIан. УсакIуэ цIэрыIуэ Бемырзэ Мухьэдин Сидакъым хуитха усэм къыщеджащ пшыхьым.

АдэкIэ утыкум кърагъэблэгъащ Банэ Зулетэ. Абы и гугъу ищIащ Сидакъым и сэбэп ин къызэрекIам. Ар музыкэ гъуазджэм хуеджэну зыунэтIар СулътIанщ.

— ЩIыхуфIагъым, акъылыфIагъым, цIыхугъэ лъагэм и щапхъэ нэст СулътIан. Абы и макъамэхэр зэ зэхэзыхам щыгъупщэнукъым. Сабийхэм яхуэгъэпсауэ итхахэр – щэ?! «Гъатхэ», «Лъабэдий», «ХьэрхьупI», «Мазэр мэщхьэукъуэ», «Жэнэтбзу» произведенэхэр уасэ зимыIэщ. Абы итха «Си Хьэбзэ» уэрэд къызэрымыкIуэр ди щIыналъэм и Гимну къэплъытэ хъунущ. Ди щIыналъэм адрейхэм къащхьэщыкI щэнхабзэ къулей сыт щыгъуи иIэу къекIуэкIащ – ар зи фIыгъэр Сидакъым хуэдэ цIыху щэджащэхэращ. СулътIан и цIэр зезыхьэ гъуазджэхэмкIэ еджапIэр ди республикэм щынэхъыфIхэм ящыщщ, творческэ гупу 12 диIэщи, абыхэм ящыщ куэд ди республикэм и мызакъуэу хамэ щIыпIэхэми цIэрыIуэ щыхъуащ. Дэ тхузэфIэкI псори дощIэ а еджапIэр ефIакIуэу, абы зи цIэр зэрихьэ цIыху лъапIэм зэрыхуэфэщэным, — жиIащ Банэ Зулетэ.

Сидакъым и цIэр зезыхьэ Сабий гъуазджэхэмкIэ еджапIэм и «Созвездие» гупым (я художественнэ унафэщIыр Ашыбокъуэхэ Азэмэтрэ Iэсятрэщ) утыкум щагъэзэщIащ Iэмэпсымэхэр екIуу щызэщIэжьууэ адыгэ макъамэхэр.

КъЧР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, скульптор Iэзэ КIэмрыгу Хьэтызэ и гугъу ящIын ипэ Гъут Майе итха усэм Хьэтызэ и пхъурылъхур къеджащ.

Хьэтызэ и шыпхъу Анзорхэ Марям и дэлъхур игу къыщигъэкIыжым ар къыщалъхуа къуажэм, анэкъилъхухэм, ныбжьэгъухэм, IыхьлыхэмдежкIэ гу пщIанэу зэрыщытар къыхигъэщащ.

— Хьэтызэ зэрыцIыкIурэ сытми дахагъэ хилъагъуэрт, фIыр Iейм тригъакIуэрт. Дэнэ щыIэми, и къуажэжьым пищIын щыIэтэкъым. Абы и щыхьэтщ ар къалэшхуэхэм щыпсэуну Iэмал иIэ пэтми зэмыплъэкIыу, и жылэжьым къызэрыкIуэжауэ щытар. КъыдэкIуэтей щIэблэм дежкIэ мыхьэнэ ин зиIэ мы тхылъым сэ хуабжьу сыщыгуфIыкIащ.

Гъуазджэм, щэнхабзэм и цIыхухэр нэгъуэщI зыгуэру щытыр пэжщ, Хьэтызэ и дуней тетыкIа дахэр абы и щыхьэту къэплъытэ хъунущ. Гуапэщ ар зыцIыхуу щытахэм зэращымыгъупщэр.

Абы и псалъэхэм къыпищащ Унэжь Олег:

— Тхылъыр дахэу, къызыхуэтыншэу къызэрыдагъэкIам хуэдэу, пшыхьри зэпэщу ящIауэ къызолъытэ. Абы щызэхуэхьэса IэщIагъэлIи 180-м щыщу щым я гугъу нобэ тщIащ, а щым я IэрыкIхэм хуэдэу гъащIэ бей, дахэ къагъэщIащ. ЗэфIэкIыбэ а лIищыр къызэрыгуэкIыу, цIыхуфIу дунейм зэрытетам ди щIэблэм щапхъэ трахыну сыхуейт. Абыхэм я гугъуехь инымкIэ къалэжьа цIэ лъапIэр мыкIуэдыжынщ...

Хапчаев Сэлыхь тепсэлъыхьащ я библиотекэм щахъумэ дэфтэр къулейм, къыдагъэкIа тхылъхэм, абыхэм къыдэкIуэтей щIэблэм дежкIэ яIэ мыхьэхыу ЩоджэнцIыкIу Алий и хъуэхъуакIэ захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм.

Хьэбэз район библиотекэм и унафэщI Дэбагъуэ Фатимэ пшыхьым и кIэухыу къэпсэлъащ.

— Ныщхьэбэ зи гугъу ящIа дэтхэнэми куэдрэ уатепсэлъыхьыну яхуэфащэщ, яхужыпIэни бгъуэтынущ. Сэ си насып къихьри Сидакъ СулътIан сыдэлэжьащ. Ар гушыIэ дахэ зыхэлъ цIыху телъыджэт, абы къилъытэрт щэнхабзэмкIэ Унэм щылажьэ дэтхэнэри макъамэ Iэмэпсымэ гуэрым еуэн хуейуэ. КIэмрыгу Хьэтызэ псоми къыттеубгъуауэ, къытхуэсакъыу псэуащ. Сытым щыгъуи псалъэ дахэкIэ уи гур къыпхуэзэщIиIэтэрт. ЦIыху цIэрыIуэхэм я Iэужьыр нэхъ иныжь зыщIыр ахэр ящымыгъупщэу ягъэлъапIэмэщ. Мы Iуэхум зыкъерезыгъэхьэлIа псоми фIыщIэ ин фхуэфащэщ, мыпхуэдэ тхылъ куэд дяпэкIи диIэну, цIыху зэчиифIэхэмкIэ нэхъ беиж дыхъуну си гуапэщ, — жиIащ библиотекэм и унафэщIым.

ЩОМАХУЭ Залинэ

Къызэралъхурэ ильэси 100 ирокъу

ГъащIэми сценэми – роль нэхъыщхьэр

Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм мымащIэу хэтщ цIыху цIэрыIуэ хъуахэр, дуней псом къыщацIыхуахэр. Апхуэдэщ бзылъхугъэхэри, зи дахагъымрэ Iэдэбымрэ, щэныфIагъымрэ псэ къару мыкIуэщIымрэ хъулъхугъэ куэдыр дэзыхьэхахэр. Абыхэм ящыщщ Черинэ Людмилэ дунейпсо щэнхабзэм зи цIэр хэзыгъэIуа, къэбэрдей лъэпкъым щыщ Щэмырзэ Моник.

Ар зыхэпсэукIа XX лIыщIыгъуэм щыIа бзылъхугъэхэм я нэхъ дахащэхэм, зэкIужхэм хабжэу щытащ. Ар 1924 гъэм Париж къалэм, Урысейм иIэпхъукIа Щэмырзэ Авениррэ и щхьэгъусэ, лъэпкъкIэ франджы Финетт Стефанирэ я унагъуэм къыщыхъуащ.

Моник и адэ Авенир Санкт-Петербург къалэм къыщыхъуащ. Ар Къэбэрдейм щыщ лъэпкъыжьым къыхэкIат. Ауэ Урысейм и тхыдэм хыхьащ инженер лъэщу, математик лъэрыхьу. Авенир урысыдзэм къулыкъу щищIэт полковник нагъыщэр зэрихьэу. Апщыгъуэм а лIы губзыгъэм къэунэху ракетэхэр, нобэрей бронежилетым и «адэшхуэр» къигупсысауэ щытащ.

Къинэмыщ1ауэ, генерал Добржанскэм щIыгъуу дунейм япэу бронетехникэр къэгъэсэбэпыным теухуауэ теориер зэрагъэпэщауэ щытащ. А псоми къадэкIуэу Авенир усэ фIэфIт, езыри тхэт. Эмиграцэм ипэ къихуэу Щэмырзэм усэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIауэ щытащ. 1917 гъэ нэужьым, франджы усыгъэм дихьэхащ икIи «Чемерзиным и поэтическэ каталог» антологиер къыдигъэкIауэ щытащ.

Моник и сабиигъуэр здыщекIуэкIыр, творческэ унагъуэти, макъамэр зэрыфIэфIыр, ар зэрызыхищIэр нэрылъагъу щIэх хъуащ. Арати, илъэси 5 фIэкI зи мыныбжь пщащэ цIыкIур ирагъэлъэгъуащ Мариинскэ театрым и примэ-балеринэу щыта Преображенская Ольгэ. Абы Урысейр ибгына нэужь, Париж балетымкIэ еджапIэ къызэIуихауэ щытащ. Бзылъхугъэм занщIу пщащэ цIыкIум Тхьэр къызэрыхуэпсам гу лъитащ. Преображенская Ольгэ Моник и япэ гъэсакIуэ хъуащ. Куэд дэмыкIыу, 1930 гъэм илъэсихым ит Моник «Гъэмахуэ жэщым и пщIыхь» балетым Эльфым и къафэр щигъэзэщIауэ щытащ. Пщащэр илъэс 15 щрикъуам Париж дэт макъамэ еджапIэм и япэ сольнэ программэр щигъэлъэгъуащ.

Нацизмэм и жьым гу лъатэри, Щэмырзэхэ я унагъуэм 1940 гъэм Париж ябгынэри, Монте-Карло мэIэпхъуэж. Абы щыщIэдзауэ Моник бгъэдэлъ зэчийм нэхъри зеубгъу. Абдеж Моник и балетмейстер мэхъу артист лъэрыхь Лифарь Серж. Аращ пщащэм Черинэ Людмилэ цIэри къезытар, «Монте-Карло и урыс балетым» и солисткэ зыщIари. Илъэс 18-м ит балеринэм езы Лифарь щIыгъуу «Ромеорэ Джульеттэрэ» спектаклым роль нэхъыщхьэхэр щагъэзащIэу къыщыфащ. Мы гъэлъэгъуэныгъэр цIыхухэм хуабжьу зыхащIауэ, яIэтауэ щытащ. Абы лъандэрэ Моник – Людмилэ и цIэр псоми жаIэ хъуащ.

Черинэ Людмилэ Марсель дэт оперэм, «Монте-Карло и балетыщIэм», «XX лIыщIыгъуэм и балет», нэгъуэщIхэми къыщыфэ зэпытт. Нэхъыщхьэращи, пщащэр сценэм къихьэху балетеплъхэр Iэгуауэ инкIэ пыкъуэкIт. Адыгэ пщыгуащэ щIыкIэу езыр гъэпсат, а псоми ящхьэжкIэ балетым и композицэ нэхъ гугъу дыдэхэр дахащэу игъэзащIэт. Франджы тхакIуэ Дрюон Морис Черинэ Людмилэ щхьэкIэ жиIэгъащ: «Абы хузэфIэкIащ езыр гъуазджэ хъуну».

Псом хуэмыдэу, Моник нэхъ къехъулIэт драмэ е трагедие партиехэр. Ар езы бзылъхугъэм и гъащIэми епхауэ къыщIэкIынт.

1967 гъэм XX лIыщIыгъуэм и балетмейстер нэхъ лъэрыхьхэм ящыщ Бежар Морис «Черинэ Людмилэ – трагедием и къэфакIуэ» тхылъыр къыдигъэкIауэ щытащ.

1943 гъэм илъэс 24-м ит Моник балетым и къэфакIуэ Одран Эдмон щхьэгъусэ хуэхъуащ. Ахэр насыпыфIэт. Зэгъусэу утыкум, сценэм къихьэт, зэгурыIуэт. Черинэм кином хэтынымкIэ лъэIу къыщыхуэкIуами и щхьэгъусэрат бзылъхугъэр япэу тезыгъэгушхуар щыт. Апхуэдэу Черинэ «Лъагъуныгъэм къегъэзэж» фильмым хэту ягъэу экраным къихьауэ щытащ. Ауэ кином деж Моник цIэрыIуэ зэрыхъуар балетым теухуа «Вакъэ плъыжь цIыкIухэр» художественнэ фильмращ. Ар 1948 гъэм Пауэлл Майклрэ Прессбургер Эмерикрэ трахауэ щытащ. А фильмыр британ кином и къэхъугъэ щэджащэу къалъытащ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Гофман и таурыхъхэр» фильмри, абдеж Людмилэ Джульеттэ и ролыр щигъэзэщIауэ щытащ.

Апхуэдэу Щэмырзэхэ я пхъур лъэныкъуэ псомкIи ирагъэблагъэу, дэни ехъулIэныгъэр щиIэу къекIуэкIыурэ, 1950 гъэм и гъащIэр абдж къутам хуэдэу цIыкIу-цIыкIу зэхэщэщащ: Одран Эдмон машинэ зэжьэхэуэныгъэм хэкIуэдащ. И гум ежэлIа хъыбар гуауэм къыхэкIкIэ, и щхьэгъусэмрэ езырэ зыпэплъа сабийр бзылъхугъэм фIэкIуэдащ. Гууауэ и гъащIэм къыщыхьхьэм Черинэ Людмилэ сценэм техьэн идэжакъым. Апщыгъуэм и IэщIагъэр игъащIэкIи IэщIыб ищIауэ къыщыхъут абы…

Ауэ зэманыр хущхъуэщи, пIалъэ дэкIри, Моник сурэт тхыным зритащ. Бзылъхугъэм и творчествэм и темэ нэхъыщхьэу щытар Эдмонт – Людмилэ и щхьэгъусэу щытам и сурэтыр итх зэпытт. Гууауэр нэхъ щыужьыхым Черинэ и гъащIэм балетыр хуэм-хуэмурэ къыхьхьэжащ. Абы къыдэкIуэу киноактрисэ лэжьыгъэми ирагъэблагъэурэ творчествэм пищэжа хъуащ. Людмилэ фильм 20-м хэтащ. Абыхэм ящыщщ «Спартак», «Саломея», «Камелиехэр зиIэ дамэ», «Аннэ Каренинэ и гурыгъу-гурыщIэхэр», нэгъуэщIхэри.

1960 гъэм щегъэжьауэ Черинэ Людмилэ къыхуагъэфащэ щIыхьымрэ пщIэмрэ гъуни-нэзи ямыIэу псэуащ. Абы и щапхъэщ Париж оперэм Лефарь Серж и балетым «Себастьян Щихъым ишэчар» жыхуиIэм 60-м щIигъукIэ къызэрыщыфар. Венеции деж Бежар Морис Черинэ папщIэ «Гала» балет щигъэувауэ щытащ, Дали Сальвадор декорацэм и эскизхэри яхуищIауэ щытащ. Адыгэ гуащэм тхылъхэр траухуэт, и сурэтхэр газет, журнал нэхъ цIэрыIуэхэм къытехуэ зэпытт...

Зэманыр мэкIуатэ, ауэрэ балеринэ цIэрыIуэр сценэм текIыжыну мурад ищIащ икIи скульптурэм зритащ. ЩхъуэкIэплъыкIэхэр, теплъэ дахэр зыхэзыщIэ Черинэ мы гъуазджэ кIуэрабгъумкIи ехъулIэныгъэ игъуэтащ. Апхуэдэу, абы къигупсыса теплъэщ иIэр «Европэм игу» жыхуиIэ домбеякъ IэрыщIыр. Ар 1994 гъэм Страсбург къалэм Европэ парламентым и пащхьэм щагъэуващ. «Europa Operanda» IэрыщIыр Франджымрэ Великобританиемрэ зэпызыщIэ Евротоннелым деж щытщ. Ари Людмилэщ зейр.

Къыхэгъэщыпхъэщи, Черинэ романи итхыу щытыгъащ. 1983 гъэм къыдэкIа «Лъагъуныгъэр гъуджэм» жыхуиIэр цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэн дыдэу зэбграхащ.

Черинэ Людмилэ XX лIыщIыгъуэм и гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр мыкIуэщIщ икIи абы къыхэкIыу бзылъхугъэм нагъыщэ зэхуэмыдэхэр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэщ Париж къалэм и дыжьын медалыр, Леонардо да Винчи и саугъэтым и дыщэ медалыр, Академическэ пальмэм, гъуазджэмрэ литературэмрэ я орденхэр, ЩIыхь зиIэ легионым и орденыр.

Черинэ Людмилэ дунейм ехыжащ Париж къалэм 2004 гъэм гъатхэпэм и 21-м и ныбжьыр илъэс 80-м иту. ЩыщIалъхьэм Франджым и премьер-министр Раффарен Жан-Пьер Черинэ и фэеплъу хужиIащ: «XX лIыщIыгъуэм щыIа франджы гъуазджэр зыщIа цIыху нэхъыщхьэт ар».

Адыгэ лъэпкъыжьым къыхэкIа бзылъхугъэ гъэщIэгъуэныр Монмартр кхъэм щыщIалъхьэжащ. И къащхьэм «Европэм игу» IэрыщIым и копиер трагъэуващ.

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

Нэмыцэ1уэм щаIыгъахэр хуит къыщащIыжа махуэм

«НэмыцэIуэм сыкъызэрикIуэсыкIыжар!»

(Къэхъуа)

Хэку зауэшхуэ зэманым Къардэнгъущ1 Зырамыку и нэгу щIэкIа псэзэпылъхьэпIэхэм ящыщу къиIуэтэжауэ щытащ мы хъыбарыр.

...Пщэдджыжь къэс гъэрхэр мэлым хуэдэу дызэхуахусурэ Iуэм дыкърахуурэ дагъэлажьэт. Махуэ щIагъуэ дэкIтэкъым гъэрхэм ящыщ зытIущ шхын щхьэкIэ мылIэу. Дапщэрэ Iуэм дыкъыдахуами, набдзэгубдзаплъэу сызэплъар абы нэхъ тыншу сикIа зэрыхъунращ. Си ажалыр абы хэлъми, Iэмал имыIэу нэмыцэIуэм сикIуэсыкIыну быдэу мурад сщIати, зы Iэмал къызогъуэт. Шхын щхьэкIэ силIыхь нэхърэ нэхъыфIт.

Арати, зы жэщ гуэрым, жейр щыIэфI нэхущым ирихьэлIэу, хъумакIуэр зытес лъагапIэм и щIагъымкIэ, къыстеплъэ щымыIэу, сыкъыщIокIуэсыкIри, «Червонэ Октябрь» жыхуиIэ къуажэшхуэм нэху сыкъыщокI. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхэзехуэн ящIа къуажэдэсхэр апхуэдизкIэ куэд хъути, уэрамым ерагъкIэ ущызэблэкIыфу арат. Абыхэм сахэту сыздэкIуэм соплъэри, зыгуэрхэм пщIантIэм къудейуэ пщIантIэм нэмыцитI къыдолъадэ: «Уэ ухэт? Дэнэ укъикIа? НакIуэ ди гъусэу», — жаIэри срахужьэ.

Куэд дэмыкIыу унэшхуэ гуэрым дыщIохьэ. Унэм кIэлындорышхуэ кIуэцIрокI. Абы и кIэ дыдэм и деж зытхьэщIыпIэ фIэдзащ, и щIагъым тас щIэтщ. Ауэ телъ сабыныр къасщтэри си Iэм щысхуащ. Си ужь ит нэмыцэхэм си Iэр сщIыурэ езгъэлъэгъуащ пэшыр: «Фэ фынакIуэ сэ си Iэр стхьэщIынщи сыныщIыхьэнщ». КъызэдаIуэхэри зблэкIащ.

Си Iэхэри стхьэщIащ. АдэкIэ сщIэнум сегупсысу сыздэщытым унэр зейр къыщIэкIауэ солъагъу. Си Iэр си Iупэм Iуслъхьэри езгъэлъэгъуащ, зыри жомыIэ жыхуэсIэу. Мыдрейми, «хъунщ», — жиIэри игъэзэжри щIыхьэжащ. Сэ псынщIэу унэм сыкъыщIэжри, уэрамым дэт цIыху Iувым захэзгъэгъуащэри зызгъэбзэхащ. Апхуэдэу нэмыцэIуэм сыкъикIуэсыкIыжащ.

Зытхыжар ЯХЭГУАУЭ Бердщ

Щlалэгъуалэм и Илъэсым

Жьакуэ къуажэр зи лъапсэм и къежьапlэ, Черкесск къалэр зи псэупlэ МАМХЭГЪ Каринэ адыгэ, абазэ лъэпкъхэм я щlалэгъуалэ пашэхэм, зи цlэр фlыкlэ зыгъэlухэм, нэхъыфl дыдэхэм халъытэ. Ар щхьэусыгъуэншэкъым. Атlэ, lэдэбыфlагъыр къызэбэкl, творческэ зэчий зыбгъэдэлъ мы пщащэ гурыхуэ цlыкlум и гуащlэдэкl узыншэкlэ, творческэ лъэкlыныгъэхэмкlэ еlэт, егъэлъапlэ ди республикэри, абы щыпсэу лъэпкъхэри.

Апхуэдэ щlэблэр куэд ди уасэщ!

Каринэ иджыри макъамэ еджапlэм щеджэ щlыкlэт къалэ уэрэджыlэхэм я зэхыхьэхэм, хэгъуэгум щекlуэкl зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ зыкъыщигъэлъэгъуэн, утыку ихьэн щыщlидзам. Апхуэдэуи, пщащэм адыгэбзэкlи абазэбзэкlи уэрэд жыlэныр къызэрыдэхъум фlы дыдэу псори щыгъуазэщ.

Зыужьыныгъэм хуэпабгъэ зэпыт Каринэ творческэ лэжьыгъэм и гур зэрыхузэlухам, а лъэныкъуэхэр и псэм къызэрищтэм и гъэлъэгъуэныгъэщ «Архъыз 24» телеканалым езым и программэ — «Проектная мастерская» фlэщыгъэцlэр иlэу зэрыщригъэкlуэкlыр.

Абыи къыщымынэу, абазэбзэкlэ мультфильм зыбжанэм Каринэ и макъ щlэту дунейм къытехьащ. Апхуэдэу, «Иван Царевич и серый волк 2» мультфильмым Василисэ и ролыр макъкlэ, абазэбзэкlэ щызыгъэзащlэр Каринэщ. Къинэмыщlауэ, «Рапунцель» мультфильмым дежи пщащэр адыгэбзэкlэ зэрыпсалъэр Мамхэгъ Каринэ и макъщ....

Каринэ яхэтащ 2023 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 4-м Москва къалэм и ВДНХ-м щекlуэкlа, «Мы вместе» Къэралыбэ саугъэтыр зыхуагъэфэщахэр щагъэлъэпlам, абы ехьэлlауэ екlуэкlа щэнхабзэ программэм. А зэlущlэм къеблэгъат Урысейм и Президентыр.

Къэрэшей-Черкес Республикэм къыбгъэдэкlыу сценэм къытехьащ Мамхэгъ Каринэ икlи къэралым и хэгъуэгу 15-м къабгъэдэкlа артистхэм яхэту, адыгэ фащэр щыгъыу, артист Газманов Родион щlыгъуу уэрэд жиlащ.

— А уэрэдым хыхьэ псалъэуха къэс лъэпкъыбзэхэмкlэ зэдзэкlауэ жытlащ, абыхэм ящыщт абазэбзэри. Етlуанэ едзыгъуэм щыlуащ мыпхуэдэ псалъэхэр «Хlа хlышта пшдза, бзи йыгlбауа хlара». Абы къикlар «Гъунэ зимыlэу фlыщэу тлъагъу щlыгу», — игу къегъэкlыж пщащэм.

Езым дызэрыщигъэгъуэзамкlэ, иужьрей илъэсхэм хуабжьу дихьэхауэ ди классикхэмрэ иджырей усакlуэхэмрэ я поэзиер щlеджыкl, зэман къыщыхудэхуэм деж аудиотхылъ третхэ. А жыхуэтlэ зэманращ Каринэ сыт щыгъуи къемэщlэкlыр. Пщащэм и гуащlэдэкl лэжьыгъэр епхащ Къэрэшей-Черкес Республикэм щlалэгъуалэ lуэхухэмкlэ Министерствэм, къэрал программэхэмрэ проектхэмрэ я зыужьыныгъэм елэжь къудамэм и унафэщlым и къуэдзэщ. Нобэрей зэманым щlалэгъуалэм жыджэрагъ яхэлъу я зыужьыныгъэр къызэрызэрагъэпэщ лэжьыгъэм докlуатэ. Увыlэгъуэ имыlэу бгъэдэлъ щlэныгъэмрэ lуэху зэхэщlыкlымрэ зрегъэужь. Куэд щlакъым, Сочи къалэм хыхьэ «Сириус» щlыпlэм щекlуэкlа, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир зыхэта, щlалэгъуалэм и Дунейпсо фестивалым хэтыну Каринэ и насып къихьащ.

— Зэпеуэм ипкъ иту екlуэкlа lуэхум, Дунейпсо фестивалым хэтынухэр къыздыхахам сызэрыхэхуар сэркlэ насып зэрыримыкъу щыlэтэкъым. Атlэ, дуней хъурейм тет щlалэгъуалэ мин 20-м щlигъу абы къекlуэлlащ. Щlалэгъуалэ нэхъыбэ дыдэ зэхуэзышэса форум хъуащ ар. Апхуэдэ зэхыхьэ сыхэтыныр сэркlэ уасэншэщ.

Адреймкlэ, «Культурное шефство» программэм ипкъ иту, ди республикэм икlа щlалэгъуалэр щэнхабзэ lуэху зэхэщlыкlхэмкlэ зэрызэдэгуэшар. Нэхъ щхьэихауэ, Абхъазым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Ищхъэрэ Осетие-Аланием, Ингушетием къикlахэм ядэуэршэрын яхущlэхьащ.

— Творческэ лэжьыгъэм сыпыщlауэ сызэрыщытрагъэнт, а лъэныкъуэхэр псом хуэмыдэу сфlэгъэщlэгъуэнт. СфlэфIщ адыгэ уэрэдыжьхэр, абхъаз макъамэхэр, икlи, Абхъазым къикlахэм дащlыгъуу «адыгэ джэгу» зэхэтшащ, Ищхъэрэ Кавказым щыщ щlалэгъуалэр хуабжьу гушхуащ. Дызэрыщыгуфlыкlар сыт хуэдиз а утыкум япон щlалэр адыгэ фащэкlэ хуэпауэ къихьэу, лъэпкъ къафэр къыщищlам! Ар Японием щыщ Нозаки Тайгэт. Ди зэхыхьэр иухыным зы мащlэ тlэкlу къэнэжауэ, адыгэ ныпыр зэрысlыгъым гу лъызыта щlалэр къызбгъэдыхьэри, «Адыгэ уей-уей!» къызжиlэри, нэlуаси дызэхуэхъуащ.

А япон щlалэр хуабжьу дехьэх адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэм. Аращ «адыгэ джэгу»-м ар и псэм фlэфlу щlыхэтари.

Фестивалым хэтахэм, ар къызэзыгъэпэщахэм дуней псом цlыхуу тетым ирагъэлъэгъуащ Урысейм и гур сыт щыгъуи зэрызэlухар, щlалэгъуалэм дэlэпыкъуну, зрагъэужьыну зэрыхуэхьэзырыр, — къыщlигъужащ пщащэ зэчиифlэм.

«Сыту ди насып гупсысэ узыншэ зиlэ апхуэдэ щlэблэ къызыщlэхъуэ лъэпкъым!» — урегъэгупсыс ди псэлъэгъу пщащэм и гурыгъу-гурыщlэхэм ущlэдэlуа нэужь. Иджыри зыщlэхъуэпсыр, зызрипщытыну хуейр мащlэкъым. Атlэ, зэрыжиlащи, зыужьыныгъэм гъунэ иlэн хуейкъым...

...Каринэ, уи гуапагъымрэ уи lэдэбымрэ, уи дахагъым хуэфэщэн акъыл ббгъэдэлъщи, сыт и лъэныкъуэкlи Тхьэм гъуэгу къыуит! Уэ пхуэдэ щlэблэ къыпщlэхъуэныр куэд и уасэщ!

АБИДОКЪУЭ Люсанэ

Дохъуэхъу

ди къуэш лъапlэ, пщlэ зыхуэтщl

АДЭМОКЪУЭ Мухьэмэд Владимир и къуэм

илъэс 60 зэрырикъуамкlэ!

ГъащIэр къыпхуэгумащIэу,
Хъерыр уи унэ лъащIэу,
Уи быным я IэфIыр зыхэпщIэу,
Хъуэхъуу къыбжаIэр къыплъысу,
Тхьэшхуэр насыпкIэ пхуэусэу,
Уи узыншагъэр мыкIуэщIу, дэрэжэгъуэ уиIэу,
Уи быным я ехъулIэныгъэхэм уи псэр ягъэгуфIэу,
Узиплъыр жьэгур мыужьыхыу,
ГъащIэм гу щыпхуэрэ абы и IэфIыгъэ псори зыхэпщIэу,
ИлъэсищэкIэ Тхьэм утхуигъэпсэу!

КъБР-м щыщ Адэмокъуэхэ: Барэсбий, Абдул, Нурхьэлий, Нэжмудин

Зыхуэгъэзэныгъэ

КЪУЭНЧ Умар, «Абаза» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ:

ДэIэпыкъуныгъэр зыхащIэ

— Жылагъуэ, псапащIэ, къэрал зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэр хущIэкъу зэпытщ зауэ операцэ хэхар къызэрежьэрэ лъэпощхьэпохэм пэщIэхуа псоми щIэгъэкъуэн яхуэхъуным.

СВО-м хэтхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ зыпэщIэхуэ социальнэ, медицинэ, гуманитар, юридическэ, нэгъуэщI лъэпощхьэпохэр IугъэкIуэтын папщIэ, къэралми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми я мылъкуи, къаруи куэду халъхьэ. СВО-м хэтхэм я гъащIэр махуэ къэси псэзэпылъхьэпIэ щит пIалъэм, абыхэмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ я Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, къэралым я дэIэпыкъуныгъэр зыхащIэным.

Волонтёр щэ мин бжыгъэхэр зэкъуэувауэ Украинэм щыIэ ди щIалэхэм щIэгъэкъуэн, блыгущIэт зыхащI. Къэралми яхуигъэкIуапхъэр игъакIуэ пэтми, зауэлIхэм я хэкуэгъуэхэм абыхэм хурагъэхь щыгъынхэр, зэрызагъэкъабзэ хьэпшыпхэр, псалъэ гуапэхэр. Иужьрейхэм хьэпшып ирагъэхьхэм нэхърэ я мыхьэнэр ауи нэхъ мащIэкъым.

Апхуэдэу, «Абаза» жылагъуэ зэгухьэныгъэм СВО-р къызэрежьэрэ япэ махуэхэм щыщIэдзауэ зауэлIхэм папщIэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэр зэхуихьэсурэ яхурегъашэ.

Зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр мызэ-мытIэу Донецк щыIащ, лъэпкъыбэу зэхэт «Пятнашка» бригадэм хэт зауэлIхэм яIущIащ.

ПщIэ зыхуэсщI си лъэпкъэгъухэ! Дэ, Урысейм щыпсэухэр, Хэкур пылъхьэншэу зыхъумэн къуэ щыпкъэхэр зэрагъэсам, Урысейм и зауэлI цIэ лъапIэр пщIэ пылъу зэрызэрахьэм папщIэ, псом япэу адэ-анэхэм фIыщIэ яхудощI. Къэрал псом хуэдэуи дыпоплъэ ди LIыхъужьхэм ТекIуэныгъэр я Iэрылъхьэу я хэку цIыкIум къыщагъэзэжынум!

Узыншагъэм и Дунейпсо Махуэм

Я узыншагъэм йогугъу

Узыншагъэм и Дунейпсо махуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ Арэшыкъуэ Р. и цIэр зезыхьэу Хьэбэз къуажэм дэт курыт еджапIэм.

Ди республикэм и адрей щIыналъэхэми хуэдэу, мы жылагъуэм къыщаIэта Iуэхум ныбжьыщIэ цIыкIухэр яфIэфIу хэтащ. ГуфIэгъуэм зэщIиIэтэу еджапIэ пщIантIэм дэт ныбжьыщIэхэм уахэплъэныр гухэхъуэт, тIуащIэу уигу хагъахъуэт пщIантIэм и жьантIэм дэгъэува, абы щеджэхэм къалъэща кубокхэмрэ саугъэтхэмрэ я куэдагъым.

Курыт еджапIэм и унагупжьей зэмылIэужьыгъуэхэр еджапIэм щолажьэ. ЗэрыжиIамкIэ, еджапIэм и футбол командэр щIыпIэ куэдым щыджэгуащ, ехъулIэныгъэ мымащIэхэри яIэщ. Къэргъей Аслъэн волейболымкIэ игъасэ гупым щыщу пщащитI Краснодар и командэ къыхэхам хагъэхьащ. Я узыншагъэкIэ дагуъэ яIэу сабий 23-рэ еджапIэм щIэсщи, а цIыкIухэми гулъытэ щхьэхуэ хуащIу дауэдапщэхэм хэтщ, IэмалкъагъуэтурэIуэху зэмылIэужьыгъуэхэм хашэ.

— Спортым гулъытэ хэха худощI, — жеIэ Иринэ. — Дэ фIыуэ къыдгуроIуэ иджырей дунейм узыншагъэм ехьэлIа Iуэхухэр мащIэу Iэпэдэгъэлэл зэращIар, адэ–анэхэм я нэхъыбэр сабийхэм ящысхьурэ спортым хагъыхьэкъым. Спортыр узыншагъэм зэрилъабжьэр къагурыдгъэIуэну дыхущIокъу. Абы и лъэныкъуэкIэ сабийм Iэмал куэд дыдэ идот икIи дыдогъэхьэх. Нобэрей Iуэхури абыкIэ щхьэпэну дыщофэщI Хъупсырокъуэ Иринэ къызэрыджиIамкIэ, сабий 740-рэ мы Iуэхум къыхашащ. Узыншагъэр езыгъэфIакIуэ сыт хуэдэ зэхыхьэми сабийхэр яфIэфIу хэтщ. Мы цIыкIухэр ныбжькIэ зэщхьэщыхуауэ зэпрагъэуэнущкъэжэнущ, топ джэгунущ, спортым и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэфIэкI щеплъыжынущ. Футбол, волейбол, баскетбол джэгу гуп щхьэхуэхэр яIэщ мы еджапIэм, командэ къыхэхам хагъэхьащ. Я узыншагъэкIэ дагуъэ яIэу сабий 23-рэ еджапIэм щIэсщи, а цIыкIухэми гулъытэ щхьэхуэ хуащIу дауэдапщэхэм хэтщ, Iэмалкъагъуэтурэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм хашэ.

— Спортым гулъытэ хэха худощI, — жеIэ Иринэ. — Дэ фIыуэ къыдгуроIуэ иджырей дунейм узыншагъэм ехьэлIа Iуэхухэр мащIэу Iэпэдэгъэлэл зэращIар, адэ–анэгугъ...

Макъамэ псынщIэкIэ сабийхэм я Iэпкълъэпкъыр зэщIагъэкIа иужь, ныбжьыщIэ цIыкIухэм узыншагъэм теухуа псалъэжьхэр, жыIэгъуэхэр, усэхэр ягу къагъэкIыжащ. Узыншагъэм цIыхум дежкIэ иIэ мыхьэнэ лъагэм щытепсэлъыхьащ, дэтхэнэри и узыншагъэм егугъуу псэуну къыхураджащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ

Егъэджэныгъэ - щIэныгъэ

Къэрэшей-Черкесым щыщ Целых Александрэ текIуэныгъэр къыщилъэщащ курыт еджапIэм щеджэхэм ятегъэпсыхьа «Умницы и умники» Урысейпсо гуманитар телевизионнэ олимпиадэм.

Нэхъ Iущыцэр

Москва къалэм къыщапщытэжащ «Умницы и умники» олимпиадэм и 32-нэ пIалъэм и финал джэгугъуэхэр. Абыхэм я темэу щытар «Великие защитники Отечества: Невский Александр, Донской Дмитрий, Минин и Пожарский, Суворов и Кутузов» жыхуиIэращ.

ИщхьэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, текIуэныгъэр къэзылъэщар ди республикэм и къалащхьэ Черкесск дэт, зи №17 гимназием и е 11-нэ классым щеджэ Целых Александрэщ. Ныбжьыщlэм мы олимпиадэм и хэгъуэгу Iыхьэми текIуэныгъэр къыщилъэщауэ щытащ.

Мы финал джэгукIэхэм я фIыщIэкIэ, Александрэ хуитыныгъэ иIэщ экзамен имыту МГИМО-м щIэтIысхьэну. Абы папщIэ пщащэм курыт еджапIэм и экзаменхэр тыншу къызэринэкIын нэгъуэщI хуейкъым.

«Псэм къыбгъэдэкIыу Александрэ, и егъэджакIуэхэм, унэтIакIуэхэм сохъуэхъу мы текIуэныгъэр къызэрилъэщам папщIэ! ДяпэкIи щIэныгъэм и гъуэгуанэ гъэщIэгъуэным ехъулIэныгъэ щиIэну сыщогугъ! Си фIэщ мэхъу, Александрэ и къэкIуэнур абрагъуэщ!» — ди хэкуэгъум щыщ, пщащэм хуэунэтIауэ итхащ Темрезов Рэшид телеграм-каналым.

ЧЫРБЫЖ Иринэ

Хьэкълыкъ къулыкъум

ХуэIухуэщIэ лIэужьыгъуэщIэ

2024 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ, КъЧР-м щыпсэу хьэкълыкъытым хьэкълыкъ щIыхуэм теухуауэ упщIэ иIэмэ, МФЦ-хэм захуигъазэ хъунущ, абдеж жэуапри къыщратынущ.

Хьэкълыкъым, хьэкълыкъ сборым, хьэкълыкъ щIыхуэ зэрытемылъым, апхуэдэ щIыхуэ къызэрытенам теухуа упщIэхэм, нэгъуэщIхэми я жэуапхэр ящигъуэтынущ МФЦ-м я къудамэхэм деж («Мои документы» офисхэм). ЩIыхуэр МФЦ дыдэм деж щызытригъэкIыжыфынущ, абыхэм щIэт терминалхэр къигъэсэбэпкIэрэ. Мыпхуэдэ хуэIухуэщIэхэр пщIэншэу, защыхуэвгъэза дыдэм фхуэзэфIагъэкIынущ.

ХуэIухуэщIэщIэм и фIэщыгъэцIэр мыращ: «Информирование физических лиц о начислениях налогов, сборов, пеней, штрафов, процентов с истекшим сроком уплаты (задолженности) с использованием Государственной информационной системы о государственных и муниципальных платежах (ГИС ГМП).

«Мои документы» офисхэм хьэкълыкъытым хуэIухуэщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр хузэфIех. Апхуэдэщ: юридическэ, физическэ цIыхухэр уней хьэрычэтыщIэу, КФХ-уэ къэрал регистрацэ щIын; «Реестр дисквалифицированных лиц»-м итым хуэныкъуэм зыщIэупщIэр егъэгъуэтын; физическэ цIыху хьэкълыкъытым и хьэкълыкъ декларацэр къэщтэн; къинэмыщIа нэгъуэщI хуэIухуэщIэ зэмылIэужьыгъуэ 16.

2023 гъэм къриубыдэу псори зэхэту МФЦ-хэм Къэрэшей-Черкесым щыпсэу хьэкълыкъыт 3482-м къэрал хуэIухуэщIэ зэхуэмыдэхэр ирагъэгъуэтащ.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу
Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ, жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, отделхэм я редактору: ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. Зэрыщlатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзэытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. Къыдэкl бжыгъэр 2857-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графикkIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ, корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня, операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ